ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЫЗЭ

АДЫГСКОЕ СОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№117 (21.775) ● 2010 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 25, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым

Бжыгъэхэр и лъабжьэу

Мэкъуаугъуэм и 22-м КЪБР-м и Парламентым щыгъэхъагъ 2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъарым и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыкъуэм щытепсэлыхьа зэІущІэ. Ар ирагъэкІуэкІащ хабзэгъэув ІэнатІэм и Унафэщі Чеченов Ануарэ абы и къуэдз Бозий Натбийр.

КЪБР-м ФИНАНСХЭМКІЭ и министр **Бышэн Азрэт** и псалъэм къызэрыхигъэщамкІэ, псори зэхэту нэгъабэ республикэ бюджетым сом мелард 20,4-рэ хузэщІагъэуІуащ. Ар зытращІыхьауэ щытам и процент 97,6-рэ мэхъу. Абы щыщу сом мелард 12,7-р бюджет зэхуаку трансфертщ. Хэщі хэмкІэ къапэщытар сом мелард 20,1-м е процент 91,5-кІэ ягъэзэщІащ, гъэтІылыгъэ фондым еІуэ мелуан 22,5-рэ къагъэсэбэнащ. Налогхэмрэ абы щымыщхэмрэ къапэкІуэм ипэ ита ильэсым елытауэ хуэдэ 1,3-кІэ хэхьауад икІи сом мелард 7,6-м нэсащ.

- Республикэ бюджетым и хэхьуэхэм я процент 94,9-р е сом мелард 5,4-р налогхэм къыпэкІуащ. Къапщтэмэ, налог хэхьуэхэм я процент 38-р акцизхэм (сом зы мелардрэ мелуан 900-рэ), процент 29,4-р щІыхьуэхэм я хэхьуэхэм техьэ налогым (сом мелардрэ мелуан 500-м ирибгъаІэ), процент 14,5-р мылткум техьэ налогым (сом мелуан 736-рэ мин 442-рэ), процент 12,8-р Іуэхущ1апІэхэм я хэхьуэхэм техьэ налогым (сом мелуан 654-рэ), процентэ 5,1-р изгъэущІ налогхэмрэ къыхаххэмрэ (сом мелуан 260-рэ) хуозэ, - кІыгъэлъэгъащ министрым.

Къэпсэлъар зэпкърыхауэ кьытеувІащ 2009 гъэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІныр хэхауэ кьызэрызэрагъэпэща щІыкІэм. Къэралпсо Іуэхугъэхэмкіэ къапэщытар процент 94,6-кІэ, лъэпкъ шынагъэщІагъэмрэ хабзэхъуэмэхэм я Іуэхущіапфхэмкіэ - процент 88,8-кІэ, лъэпкъ экономикэмкІэ - процент 86,7-кІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ - процент 86,5-кІэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэныкІэ - процент 97,3-кІэ, егъэджэныгъэмкІэ - процент 85,2-кІэ, цІнхабзэмкІэ, кинематографиемрэ щІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ - процент 87,2-кІэ, зэнаІущІагъэ хьумэныкІэ, физкультурэмрэ спортымкІэ - процент 80,9-кІэ, социальнэ политикэмкІэ - процент 92-кІэ, бюджет зэхуаку трансфертхэмкІэ планыр процент 98,2-кІэ зэфІагъэкІащ.

- ЩЫпІэ бюджетхэм я Іуэхуэхэр зэхуэдгъэкІуэн мурадкІэ, нэгъабэ бюджет зэхуаку трансферту сом мелардри 6,5-рэ тхуахахати, ар процент 98,2-кІэ дгъэзэщІащ. Дотацэу кьытІэрыхьа сом зы мелардрэ мелуан 452-м щыщу мелардрэ мелуан 423-р муниципальнэ щІыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ, мелуан 29-рэ жылагъэуэм ептащ, - кьыхигъэщащ Бышэн Азрэт. - ЩІыпІэ бюджетхэм субвенцэу сом мелардри 3-рэ мелуан 92-рэ халъхьащ. Гъэугъэуэр зехьэным хуэзэр хэмыту, кьэрал капиталнэ хэлъхьэныгъэр сом зы мелардрэ мелуан 555-рэ хьуурэ ягъэувати, абы щыщу мелардрэ мелуан 482-рэ кьытІэрыхьащ. Сом мелуан 902-рэ республикэ бюджетым и хэхьуэхэм, адрейр федеральнэм кьыхъжащ.

Министрым зэрыжиІамкІэ, УФ-м ФинансхэмкІэ, Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэхэм я колдегиехэм я зэІущІэхэм 2009 гъэм и федеральнэ, щІыналъэ бюджетхэр зэрагъэзэщІар щызэхалъхьажати, Къэбэрдей-Балькъарыр нэхьыфІхэм ящыщу кьалытащ.

КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** и къэпсэльэныгъэм кьызэрыигъэщамкІэ, республикэм и нэгъабэрэ бюджетыр щагъэзащІэм социальнэ, экономикэ, финанс ІэнатІэхэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ нэхьапэм яубзыхуаэр мыЕйуэ зрагъэхьуІащ. Налогым и кьыхэхыкІэр ирагъэфІэкІуащ, мылькур нэхъ фейдэ пылъу кьагъэсэбэпащ, кьэрал кІуэщІ щІыхьэр зытетІэжьыным хэкІыпІэхэр кьыхуалъхьуащ. Илъэсым кьурибудэу республикэ бюджетым дотацэу кьратыр процент 54,4-м нэскІэ ягъэмащІащ.

- Лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным, бюджетым пыщІа Іуэхущіафхэм я щІыхьэхэр пшынжьыным, кьэрал мылькур зегъэзэхуэным, мыхьэнэшхэу зиІэ хуэунэтІэхэр тыным, Къэбэрдей-Балькъарым и щІым хэзыгъахьуэ дунейпсо зэІущІэхэм, тематикэ гъэпсыгъуэныгъэхэм, зэгухьанэныгъэхэм я тыным теухуауэ зыхуэдгъэувыжьахэр зэдгъэхьуІащ, - кьиІэльэгъащІ министрым. - 2009 гъэм федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу сом зы мелардым щІигъу мэкъумэшым и ІэнатІэхэм халъхьащ. Ар ипэ ита ильэсым елытауэ хуэдитІым нэскІэ нэхьыбэщ. Нэгъабэ ди дежь кьыщалэжьащ киловатт сыхьэт мелуан 387-рэ е псори зэхэту электрокъаруэ кьагъэсэбэпам и процент 30-м нэблагъэ. «Шорэдж ГЭС-хэм я каскад»-м и етІуанэ чэзуи еужьорэкІыу йолэжь, КЪБР-м дежьащІэнэхэм я бжыгъэр хэпщІыкІыу щыдгъэмащІащ, икъу итмаз уплъхьэр сом миІ 10-рэ 898-м нэдгъэсащ.

Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ ди республикэм сом мелард 64-рэ мелуан 437,7-рэ и уасэ продукцІэ кьыщалэжьащ. Ар щІыналъэ бюджетым щагъэбелджылауэ щытам мелардри 4-рэ мелуани 172,3-кІэ щІегъу. ЗэгурыІуэныгъэ зыхуаІэхэм сом мелард 23-рэ мелуан 653-рэ и уасэ хуралъэщащ. Промышленностым кьыщІитхьІкІар процентри 101,1-рэ, мэкъумэшкІыкІу кьрахъхьэрэ - 104,3-рэ, розницэ сатур процентри 102-рэ, пщІэкІэ ящІэ Іуэхутхьэбзэхэр апхуэдизу хъуащ.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Кьанщобий**, Федеральнэ налог кьулыкъущІапІэм и щІыналъэ кьудамэм и Іэтащхьэм и кьуэдз **Сарбашевэ Светланэ**, республикэм и КІэльпылъ-кьэзыфІэ палатэм и нэхьыжьІ **Рахаев Борис** сымэ.

Тепсэлъыхьныр зэфІэкІа нэужь, зэхьыхьэм кьыщыштащ КЪБР-м и Парламентым, Правительствэм, Федеральнэ налог кьулыкъущІапІэм и щІыналъэ кьудамэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ЗэІущІэм хэтащ республикэм и Правительствэм, щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм щыщхэр, Іуэхуэр зэхьэлІа ІэнатІэхэм я лІыкІуэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Нык1уэдык1уэхэм хуащІ гулъытэр

КЪБР-м и Президентым деж Нык1уэдык1уэхэм я Іуэхуэхэмк1э щы1э советым и зи чэзу зэІущІэ мэкъуаугъуэм и 21-м ек1уэк1ащ. Абы хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Дыщэкі Мадинэ, КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министр Тлобеев Альберт, КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмк1э, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныкІэ и комитетым и Іэтащхьэ Жанатаев Сэлим сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗЭІУЩІЭМ къыщаІэта Іуэхугъуэхэм ящыщ зым - зи узынщагъэм сэкъат иІэхэм я хуитыныгъэхэр ди республикэм гъэзэщІа зэрыщыхьум - тепсэлъыхьащ ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щы1э **Зумакулов Борис.**

- Нык1уэдык1уэхэм я хуитыныгъэхэр илъэс 20 и пэ ООН-м иубзыхуауэ щытащ ик1и псэупІэм, щІэныгъэ зрагъэгъуэтыным, медицинэ, социальнэ дэІэпык1ъуныгъэ щымыщІэным епхауэ абы къыщыгъэлъэгъуа хабзэхэр Урысей Федерацэм къыдищтауэ щытащ, - жиІащ Зумакуловым. - УФ-м и Правительствэм 2010 гъэм программэ щхьэхуэ зэхэтгъэувэн щІидзащ нык1уэдык1уэхэм я псэук1эр ящыгъэспэщІэным теухуауэ. Абы къызэщІиубыдэр сымаджэхэм нэхъ тыншу къызэрак1уэхьным, я Іуэху зэрыдагъэкІыным я закъуэкъым, атІэ ІэнатІэ къахуэхуэтыныр, цІыху узынщэхэм сыт и лъэныкъуэк1и къак1эрымыгъэхуныр, нэгъуэщІхэри къыщыгъэлъэгъуащ.

(Кіэухыр 2-нэ нап.).

● Шэрэдж куей

Щ1ыпІэхэр ягъэкъэбзэнущ, к1эрыхубжьэрыхцхэми елэжьынущ

Дыкъэзыухъуреихь дуней1р хъумэным теухуауэ Шэрэдж районым Іуэху щхьэпэ къыщаІэтащ.

НЭХЪАПЭМ районым и потребительскэ обществэм и Іыгъа псэуалъэхэм къыщыгъэІуахащ абджымрэ пластикымрэ я к1эрыхубжьэрыхухэмрэ тхылъымпІэжьымрэ щы1ах щІыпІэ. Куейм щыпсэухэм абы иратыну хунэсащ тхылъымпІэжь къудейуэ килограмм 9750-м нэс, абдж къутахуэу - 7155-рэ, пластик тикьыгъуэу - 1025-рэ. ЩІыпІэхэр зэщІэгъэкъэбзэным теухуауэ кьызэІуаха мы Іэнатіэм жьыдэжу къокІуалІэ Къэщцкъэтэу, Жэмтхьэ Ипщэ, Зэрэгъыж къуажэдэхэмрэ школак1уэхэмрэ.

Шэрэдж куей администрацэм районым и Іуэхущіапіэхэм лъэІукІэ зэхуиІуэзащ «К1эрыхубжьэрыхухэм елэжьыным» фІэщыгъэм щІэту кьыхальхьа щІыпІэ программэр гъэлэжьным жьджэру хэтыну. Зи гугъу тщІы Іыхьпіэм къращалІэ к1эрыхубжьэрыхухэм европей мардэхэм тету етІуанэу елэжьыжынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Дзэлыкъуэ куей администрацэм и жэрдэмкІэ, «Нэхущ щІэздЕ» гъэмахуэ лагерым газ ирашэлэнущ. Абы Іэмал къаритынущ районым ис сабийхэм мы щІыпІэм ильэс псом къыриубыдэу я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэну ик1и зыщагъэпсэхуну.

КУЕЙ администрацэм архитектурэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Куэт Арсен хъыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу лагерым газ бжьамийхэр ирашалІэ. Гъэ бжьамийхэр щІалъхьащ Къармыльк1уэ жьлэм деж щы1э газ зэхэсхьпІэм кьыщыщІэдзауэ Балъкъ псым кьызэпрыкІыу. Абы кьыкІэтльыкІуэу щІэныгъэхэр зэхэтхьэ. Ар ильэс 20 и пэ ООН-м иубзыхуауэ щытащ ик1и псэупІэм, щІэныгъэ зрагъэгъуэтыным, медицинэ, социальнэ дэІэпык1ъуныгъэ щымыщІэным епхауэ абы къыщыгъэлъэгъуа хабзэхэр Урысей Федерацэм къыдищтауэ щытащ, - жиІащ Зумакуловым. - УФ-м и Правительствэм 2010 гъэм программэ щхьэхуэ зэхэтгъэувэн щІидзащ нык1уэдык1уэхэм я псэук1эр ящыгъэспэщІэным теухуауэ. Абы къызэщІиубыдэр сымаджэхэм нэхъ тыншу къызэрак1уэхьным, я Іуэху зэрыдагъэкІыным я закъуэкъым, атІэ ІэнатІэ къахуэхуэтыныр, цІыху узынщэхэм сыт и лъэныкъуэк1и къак1эрымыгъэхуныр, нэгъуэщІхэри къыщыгъэлъэгъуащ.

(Кіэухыр 2-нэ нап.).

● Гъэмахуэ-2010

Батыр Мухьэмэд, Табыхъу Мадинэ, Гъэущокъуэ Мухьэмэд.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ек1уу зык1ъагъэлъэгъуащ

Къэрал псом щыщ1эрыІуэ «Орленок» ныбжьыщ1ит1гу мы гъэм щы1ащ. Абы хэм я нэгу зрагъэужьыащ, зегъэпсэхуащ, псом нэхъыщ1ыхьэрати, зыхэт ныбжьыщ1э зэгухьанныгъэхэм к1ыщагъэсэбэпын щ1эныгъэрэ Іуэху зехьэкІэрэ к1ащ1ауэ к1эк1уэжащ.

КъБР-м Хъыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьанныгъэхэм ядэпэжьхьным-рэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмк1э и министерствэм къыдэригъэпэщІри, «Орленок» центрым щы1а ныбжьыщ1эхэр зыхэт зэІущІэ ек1уэк1ащ.

Гъэущокъуэ Мухьэмэд (Дзэлыкъуэкъуажэ щы1эхэт «Щ1эбзащ1э» пионер зэгухьанныгъэ), Батыр Мухьэмэд (Бахъсэн к1ал1э щы1э «Зэкъуэтныгъэ» сабий зэгухьанныгъэ), Табыхъу Мадинэ («Дыгъэ» мамырыгъэмрэ щы1эныгъэмрэ я центру Лэскэн районым щы1э), Башиевэ Мадинэ (Бабугент дэт курыт школым щы1эхэт «Пионер-сабий зэгухьанныгъэ»), Махновская Златэ (Пролетарскэ къуажэ курыт еджапІэм щы1э «Дэ дыззэгъусэщ» сабий жылагъуэ зэгухьанныгъэ) сымэ я к1эн к1ыкІащ нык1уэдык1уэхэм я щІэныгъэ зыужьныгъэмрэ, Батыр Мухьэмэд щытек1уащ «Сабий жылагъуэ зэгухьанныгъэхэм я пашэ» упчІэхэр псэупІэм ик1и Щ1ыхь тхылъ кьратауэ к1ыгъэззэжащ. Адыгэ къафэм дихьэх Гъэущокъуэ Мухьэмэд ди Іыпкъ фащэр ныІыпкъу к1уати, ар зыхэмыта зы концерти лагерым щек1уэк1акъым. Уеблэмэ, абы зэрижи1эмк1э, зыгъэпсэхупІэм щы1эхэм ята псапащІэ концертэмэ хэтащ ик1и сом мин 21-рэ зэхуахьэсри, Сабий фондым халъхьащ.

«Орленок» лагерым щы1а ди щІалэгъэмрэ пащІэхэм я Іуэхуэхэр щІэныгъэ зыужьныгъэмрэ, ядэпэжьхьным-рэ щІэныгъэ зыужьныгъэмрэ я щІыпІэ адміністрацэхэм, районым дэЗ комиссариатхэм я Іуэхущ1апІэхэм щІалъхьэну.

Фыщ1эупщ1ь хъунущ мыпхуэдэ телефонхэмк1э:

КъБР-м и Дзэ комиссариатым и егъэблэгъапІэм - 91-40-03;

Коммутаторым - 91-44-65, абы щІагъэж 114, Руденко Анатолий Иван и къуэм и деж.

● Шэрэдж куей

Щ1ыпІэхэр ягъэкъэбзэнущ, к1эрыхубжьэрыхцхэми елэжьынущ

Дыкъэзыухъуреихь дуней1р хъумэным теухуауэ Шэрэдж районым Іуэху щхьэпэ къыщаІэтащ.

НЭХЪАПЭМ районым и потребительскэ обществэм и Іыгъа псэуалъэхэм къыщыгъэІуахащ абджымрэ пластикымрэ я к1эрыхубжьэрыхухэмрэ тхылъымпІэжьымрэ щы1ах щІыпІэ. Куейм щыпсэухэм абы иратыну хунэсащ тхылъымпІэжь къудейуэ килограмм 9750-м нэс, абдж къутахуэу - 7155-рэ, пластик тикьыгъуэу - 1025-рэ. ЩІыпІэхэр зэщІэгъэкъэбзэным теухуауэ кьызэІуаха мы Іэнатіэм жьыдэжу къокІуалІэ Къэщцкъэтэу, Жэмтхьэ Ипщэ, Зэрэгъыж къуажэдэхэмрэ школак1уэхэмрэ.

Шэрэдж куей администрацэм районым и Іуэхущіапіэхэм лъэІукІэ зэхуиІуэзащ «К1эрыхубжьэрыхухэм елэжьыным» фІэщыгъэм щІэту кьыхальхьа щІыпІэ программэр гъэлэжьным жьджэру хэтыну. Зи гугъу тщІы Іыхьпіэм къращалІэ к1эрыхубжьэрыхухэм европей мардэхэм тету етІуанэу елэжьыжынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Жэрдэм щхьэпэ

метр 400 зи кІыхьагъ бжьамийхэр гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэм и шхапІэхэмрэ административнэ унэмрэ кьрашэлІэнущ. Абы и уажьк1э гъэсыныпхъэ щхьэнтІэр ирашэлІэнущ лагерым дэт унэ щы1эк1уэр зэрагъэпльыну хьэжьхэм. Район унафэщІхэр нужь итынущ а лэжьыгъэхэр мы гъэм к1ыриубыдэу зэрызэфІагъэкІыным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Профсоюзхэр я щІэгъэкъуэну

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Нагъабэ лъандзрэ зыпэлъэ я улахуэр республикэм и уХуак1уэхэм къаІэрыхьажу хуежьащ. «Спецстрой России» уХуак1уэ агентствэм «Сторожевая» станицэм дзэ къалэ щ1ыкІу щ1ихуэну ахэр игъэлэжьауэ щытащ.***

СОМ МЕЛУАНИ 6-м нэблагъэ и уасэ уХуэныгъэ лажьыгъэхэр зэфІэзыха лэжьак1уэхэм я улахуэр къызэрырамытым теухуа мыарэзыныгъэхэр ягъэІуу щыщІадзэм, уХуак1уэ агентствэм сом мелуан нык1уэ къахуиутІыпщащ. Арщхьэк1э, уХуак1уэхэм арГуэру пэк1у ирагъэк1уэк1ащ. УФ-м уХуэныгъэмрэ промышленнэ уХуэныгъэ псэуалъапхъэхэмкІэ я профсоюзхэм я республикэ комитетыр абыхэм я тельхьэу къэуващ ик1и зыхуэфащэ ІэнатІэхэм захуигъэзащ. Абы и уажьк1э Іуэхур и пІэм нэхъ ик1ащ. УХуак1уэхэм я улахуэ щІыхуэм щыщу 1 мелуан мыгувэу къыхуахуІыпщынущ.

● Іуащ1ухьэмахуэ куей

Гъавэнш1э хъунук1ым

Іуащ1ухьэмахуэ куейм и мэкъумэшыщІэхэм Прохладнэ щІынальэм гъавэ щІапІэу щаІыгъ гектар 500-м щІигъум щыщу 120-м траса бжьыхьэсэ гуэдзым уэзэрыщІыгуГъыжьын щымыІэу дзыгъуэ лІэужьыгъуэхэр зэран хуэхьуат.

А ЩІЫ ІЫХЬЭ-ХЭМ щІэрыщІэу хасэжауэ щытащ хьэпщІий. Мы зэманым ар егугъуу зэрехьэ «ЛашкутІэ» СХПК-м. Абы мы гъэм хъарзынэу къыхуэк1ащ нартыку жылапхъэр, овесыр, сэхураныр, силосыпхъэу къагъэсэбэп нартыку к1асэр. Мэкъумэш Іуэхущ1апІэм и Іэтащхьэ Бозий Музэфар зэрыжиІэмкІэ, дяпэ тхъэмахуитІ нэхъ дэмык1ыу Іуахьыжьи щІадзэнущ гектар 475-м траса рапсыр. ІэщыпкІэ къэуатыншхэу зыщІэлъ а удэ щхьэнтІэм и щыгъыкІэм иджыпсту ІэщІагъэлІэхэр арэзы тохъуэ. Рапсым и уажьк1э хозяйствэ зыбжанэм зегъэусэу щІадзэнущ бжьыхьэсэ гуэдзымрэ хьэпщІиймрэ Іухьыжьым.

ЖАНХЪУЭТ Музэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхъызох

Ар дэ дыдейщ!

Куэд щІауэ соджэ «Адыгэ псалъэм» ик1и зыщыгъэгъэнщІыркъым, сыт щыгъуэ сыполлъэ кьыщыгсІэрыхьэнум. Мыбдеж Іуэхуэр щыз1эныгтари а газетым зэгуэр дэ, лэжьак1уэжьхэм, кьыттеуха псалъэ гуапэхэр щыдгъуэту зэрыщІэгъуэ-кьым, атІэ ар сыт щыгъуи ди чэнджэщІагъуэу, зэрыжиІэщи, ди гум кьишхьыдык1ыу кьызэрек1уэк1ащ. Иужь ильэсхэм псом хуэмыдэу нэхъ трегъащІэ лъэпкъ Іуэхуэм, дунейм щик1ыхьэ адыгэхэр зэшэлІэжьым, тхыдэм и пэжыр к1эуІуэтэным, ди хабзэ дахэхэр, дуней псом кьыщалытэу щыта ди нэмысыр зэфІэгъуэвэжьым. Апхуэдэ мурадхэм нэхъ хуэгъэпсауэ кьызолытэ Къэбэрдей-Балькъэрым, Адыгей Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщдэжі газетхэм кьызэрагъэпэщ номер зэхэтхэр.

«Адыгэ псалъэм» сыт щыгъуи тетщ ди лъахэм, къэралым, дуней псом щек1уэк1ЫхэМ ятеуха хьыбархэр, ахэр зэпкърыхьы тхыгъэхэр. Газет лъапІэхэм Іэ тезымыдзэф дэ, кьуажэдэсхэм, ди дежьІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэщ.

КІэщІу жысІэнщи, газетым щІэдэжьык1ак1уэхэм я пащхьэм щиІэ кьалэнхэр мыІейуэ егъэзащІэ. Арщхьэк1э, сэ си гугъщ ар нэхъыбэк1э сэбэп кьытхуэхъуфыну. Псалъэм и хьатырк1э, дин кьаб1агъэр щыхуэхьэ я деж нэхьэсыи и лъэныкъуэк1э «Ислъамым и нур» напэк1уэщІыр хьарзынэщ, ауэ диным и пэжыгъэр кьэзыгъэльагъуэ тхыгъэ мыинхэр нэхъ щІэх-щІэхыуэ кьытридзамэ ди гуапэт, «Упщ1э - жэуап» псалъащхьэм щІэту.

КьищынэмыщІауэ, хуабжьу си жагъуэщ зэгуэр щІэупщІэшхуэ зиІа «Уней лъапсэ» напэк1уэщІыр газетым зэрыгъэкІыжьыр. Пэ, кьуажэдэсхэм, ар гъэм и сыт хуэдэ зэманми ди чэнджэщІагъуфІт, дэтхэнэ мазэми ди хадэхэм щытщІэн хуейхэр кьыдгуригъаІуэрт. Сыщогуть напэк1уэщІ щхьэпэр кьэвгъэщІэрэщІэжыну.

ХЬЭГЪУР Хьэдис.
Теркескэ къуажэ.

Редакцэм къыбгъэдэк1ыу. Ди газетыр Хьэгъур Хьэдис куэдрэ тетхьхьащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуари и гущІэ хьэлэлырщ: нобэ зи тхыгъэ тедзэ нэхъыжьыфІыр ильэс 38-к1э ваш, сащ, хащ, к1эщІу жыпІэмэ, мэкъумэш ІэнатІэ псоми и кьару емыблэжу пэрытащ, абы кьыхэкІыуи республикэ псом щІэрыІуэ щытхуэу Іэпэ щІыкІэ «ПІэ хьалэгъэ зэрыплъэкІыр щІалэ» медальр кьратащ, абы кьыкІэлъыкІуащ Лэжьыгъэм и Щ1ыхь орденым и ещанэ, етІуанэ нагъыщІэгъэ. Ягъэ нагъыщІэгъэ кьыхуагъэфэщэным Іуэхур нэсат, абы ирихьэлІэу кьэралри социалист хуэхуэмрэ мыльэльжатэмэ.

А псори щІыкІэ ящІэ ди щІэджыкІак1уэхэм ящыщ зыр - Хьэгъур Хьэдис - фэдэгъэщІхуэм щхьэкІэщ. «Адыгэ псалъэм» и лэжьак1уэхэм нэхъыжьыфІым фІыщІэ худощ, и ущиери гу зылъытапхъэу кьыдольытэ.

● Гу зытытапхъэ

щрагъэк1уэк1 Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэепль тхыпІу 1995 - 1999 гъэхэм томитхэу хьуу дунейм кьытехьар щІэрыщІэу кьыдэгъэхІыжьыным теухуауэ.

Абы кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Хэку зауэшхуэм хэк1уэдахэм я Іыхьлыхьэмрэ благъэхэмрэ дольэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэепль тхыпІу иратхэн папщІэ зыхуеину тхыльхэр кьалэхэмрэ я куейхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм, районым дэЗ комиссариатхэм я Іуэхущ1апІэхэм щІалъхьану.

Фыщ1эупщ1ь хъунущ мыпхуэдэ телефонхэмк1э:

КъБР-м и Дзэ комиссариатым и егъэблэгъапІэм - 91-40-03;

Коммутаторым - 91-44-65, абы щІагъэж 114, Руденко Анатолий Иван и къуэм и деж.

Щ1эрыщ1эу къыдагъэк1ыжынущ

«1941 - 1945 гъэхэм ек1уэк1а Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэ къызэрыщытхьрэ ильэс 65-рэ зэрыркъым егъэщІыпІа ГуфІэгъэ Іуэхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэхьэзыырыным ик1и щегъэк1уэк1ыным и Іуэхук1э». Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м кьыдигъэк1а Унафэ №43-рп-р зрагъэщІэк1эрэ, кьалэхэм-рэ куейхэмрэ лэжьыгъэ зыкъутэ щхьэпэ зэбгинысгъэр» сыт хуэдизк1э щынагъэуми, «зы диным кьуэш зэхуищІэхэр зэрыуК1ыжьныр» дин хабзэхэм къызэгъэпэщк1э Іэмал зэрымыІэри. Абы Къыргызыстан и дин лэжьак1уэхэм захуегъаІэ, я кьалэн ягъэзащІэу, лъэпкъым тІыр зэрагъэк1ужьным кьыхуриджэну.



● Теиджиз ФІыщІэм экономикэ зэдэлэжьныгъэмк1э и организацэм и махуэщ

◆ Мозамбик Республикэм и щІыпІэ гуфІэгъэщ - 1975 гъэм къэралыгъэ щІэныгъэ хьуащ.

◆ 1950 гъэм Корее зауэм щІидзащ (1950 - 1953 гъэхэм ек1уэк1ащ).

◆ Мэкъуауэгъуэм и 25 - 26-хэм Хантсвидл (Канадэ) щызэІущІэнущ Гуп - 8 зэгухьанныгъэм хэт къэралхэм я унафэщІхэмрэ я премьер-министрхэмрэ.

◆ Илъэси 192-рэ и пэкІэ франдзы зыпІэлъыкІуэ Жан-Виктор Эдуард Тебу Кавказ Ищхьэрэм зыщиплъыхьыну, щІыналъэр зригъэщІыхьну къэкІуащ. А Іуэхум и Іэужьу, абы кьыдигъэкІащ «Шэрджэсым сызэрыщыІар» «Путешествие в Черкесию» тхылъыр.

ПІэлъэнэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

● «Адыгэ псалъэм» и щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Лъэпкъ Іущ1агъэ:

Пхуэмыфащэр пэщэгъу пщІымэ, уи анэ мыгъуэ хъунщ.

Мывэ лъэхъэнэм щыпсэухэр

Зи хытыгуэр зыкъ хэпхъа Индонезием кьыщагъэтащ побэр кьыздэсым щы1эхэу зэмыІа пащхьэ пащхьэ лъэпкъ гъэщІегъуэ. Папуа зы щыналъэр а къэралым и кьэралыгъэмк1э щыпхъэ кьыздэсым щыгъэ зыжьжьэ дыдэщ. Абы кьыщагъэута лъэпкъыр жьгъыщхьэм щопсэу, щыгъыи эрахъэрыкым, мэзым щІэс псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэу кьагъэтымрэ я ешыкъыгъэщ.

«Джакарте Глобе» газетым дыгъуасэ къызэрытехуамкІэ, Индонезием и хытІыгу псоми Іуэхущ1апІэ щызэпІэу властым щылажьэр статистикэм и къудамэ закъуэращ. Абы ильэси 10 къэс я къэралым щыпсэу щІыхухэм я бжыгъэр кьыхэтхыкІ. Мы гъэм а Іуэхум елэжьащ статистикэ Іуэхущ1апІэхэм я штатым щымыщ лэжьакІуэхэри хэту щІыкІэ мин 700 хуэдиз. Абыхэм зэрыхуаІэхафщэмкІэ, къужьКІыпІэ лъэныкъуэмкІэ иджыри ямыщІыху лъэпкъхэр щыпсэуу кьыщІэкІынущ.

Папуас лъэпкъхэм нобэр кьыздэсми зэрахьэ щабзэхэмрэ мыжьрэхэмрэ. Ахэр щІэхщІэхыыпрэ езыхэр зоэзуэж, власть гуэр щыІэу ядэркьым, щІэныгъэм и хабзэ псори пщІыуэ яльытэу, езым я лъэпкъ хабзэхэм тету мэпсу. Абыхэм я нэхъыжьым ильэси 145-рэ и ныбжьщ, ильэси 100-м щІигъуауэ псэуэхэр я куэдщ. Кьагъуэта лъэпкъыр я бжыгъэкІэ щІыху 2868-рэ мэхъу. Ахэр мывэ лъэхъэнэм кьыхэнаІэ псэуу жыпІэкІи ущыуэнукьым.

Динкіэ зэкъуэшхэр

«Аль-Хаят» газетым дыгъуасэ къызэритамкІэ, ислъам дунейм и Лигэм Къыргызыстан и унафэщІэм кьыхуредж динкІэ зэкъуэш кьыргызыхэмрэ узбекхэмрэ я зэхуакъу кьыхуэхъуа лыгъаІэр щкІэщІыпІэкІэ зэтетхэувыІэным.

Лигэм и секретариат нэхъыщІэхэр ильэс 48-рэ хьуауэ лажьэ дунейпсо организацэм. Ислъам дунейм и лигэр ООН-м кІэльыплъакІуэу хэтщ, ЮНЕСКО, ЮНИСЕФ дунейпсо зэгухьанныгъэхэм хуитыныгъэ псори щаІэщ. Ар хъэзырщ Кыргызыстан лъыгъажьэр щызэтеІэщІэныным сыт и лъэныкъуэмі хэтэжьхьыну.

Лигэм Мэчэ ящІэкІ кьрыткІа хъыбарым кьызэрыщІмкІэ, абы и секретарь нэхъыщІэ Абдалла-ат-Турки зэпэщІэувахэм ягу кьегъэкІыж «мусульманэхэм я зэкъуэтыныгъэр зыкъутэ щхьэпэ зэбгинысгъэр» сыт хуэдизкІэ щынагъэуми, «зы диным кьуэш зэхуищІэхэр зэрыуК1ыжьныр» дин хабзэхэм къызэгъэпэщк1э Іэмал зэрымыІэри. Абы Къыргызыстан и дин лэжьак1уэхэм захуегъаІэ, я кьалэн ягъэзащІэу, лъэпкъым тІыр зэрагъэк1ужьным кьыхуриджэну.

● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ

Ди щІэджыкІак1уэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэк1ыж 2010 гъэм и етІуанэ ильэс нык1уэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэнЫр зэриухыр. ФепІэщІэк1!

Ильэс нык1уэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ к1эпІейк1и 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

● ЗэлъыщIэхэр

Жылагъуэм и къарур

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкl, жылагъуэ зэгуфыкIыгъэхэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкI я министр Пащты Борис, и Жылагъуэ палатэмрэ зэгуфсу ирагъэкIуэкIащ цIыхухэр зэкъуагъэувэнымкI ЖылагъуэкIэ зэгуфыкIыгъэхэм ягъэзащIэ кьалэнымкI цIыхухэр зэгуфсу ирагъэкIуэкIащ цIыхухэр хэтащ Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар, республикэм и Президентым деж щIэ жылагъуэ чэнджащкIуэ Советым и координатор, щIэныгъэхэм я доктор, профессор Тхьэгъэпсо Хьэжысмет, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкI, жылагъуэ зэгуфыкIыгъэхэм ядэлэжьныкъо щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкl я министр Пащты Борис, цIыхум и хуитыныгъэхэр хьумэнымкI лIыкIуэу Къэбэрдей-Балькъэрым щIэ Зумакуловым Борис, нэгъуэщIхэри.

- НОБЭ дызытепсэльыхьыну Iуэхугуэхэм ди республикэм и щIэныкъо зу, Урысей Федерацие пIом и дежьи мыхьэнэншагъэ хуиI. Дэ щIыуагъэншэу зэхэдгъэкIын хуейщ мы лъэхъэнэм жылагъуэ зэгуфхьынгъэхэм я Iуэхур зытетыр, ахэр ефJэкIуэн папщIэ влаСть кьудамэхэм ялэжьыпхъэ Iужьугъэ зэрри къэдмыгъэльагъуэ у хьунукъым, - жиIащ Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар , зэлъыщIэр кьыщыдзэIуихым.

Профессор Тхьэгъэпсо Хьэ жысмел гражданскэ жылагъуэм, жылагъуэ зэгуфхьынгъэхэм я кьалэн нэхъыщхьэу щы кьыхигъэщхьэкIащ: политикэм емыпхэ Iуэхугуэр пхыгъэкIынир; властыр зэрылажьэм, законыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынщ, цIыхум и хуитынигъэхэр хьумэнир; цIыху зэхэтыкIэ дахэ кьыдзэгъэзыщынщ. Ар гражданскэ жылагъуэр зыхуэдэм, хамэ кьэралхэм, ди республикэм щIэ щытыкIэм иригъэпщащ.

Тхьэгъэпсо Хьэжысмел кьыззэриIыгъэмкI, 2000 гъэхэм я щIэдзапIэм гражданжылагъуэм и гъащIэр Урысейм щыгъэтеувэри, адэкIэ зиужьыкIи щIидзащ. Ижки а Iуэхумкl ди республикэм и щытыкIэр Урысейм и зыгъэкьыныгъэм и зыгъэгъэзэжыкIыдзу зэрыгурыкIуэ. Абы и ныкъу саныгъэхэр Урысейм и адрей щIыналъэмкI щыбольагъу, псальэм папщIэ, власть Iэнатlэхэмрэ жылагъ уэмрэ щагъуэу зэдэлажьэркъым.

- Ди гражданскэ жылагъуэр зэрыщытым хуейм куэдкIэ пэжыжьащ. Терроризмэм техуэауэ зэкIэпэщ, а къэхъу пIом зыми игу иригъыкIыркъым, ауэ а игу иримыхьыр щхьэ течауэ, макъ инкIэ жылагъуэм хужьIэркъым. Ди жылагъуэр бизнесым зыкIи лъэIэсыркъым, атlэ ар властым и зы Iэнатlэ псо мэхъу. Жылагъуэм илэжьыр убзыхуауэ, егупсысарэ зэгъэзэхуауэ щыткъым, - жиIащ Тхьэгъэпсо Хьэжысмел.

Зэлъыщэ Iупщlу кьызэрыщыгъэщамкI, Къэбэрдей-Балькъэрым и гражданскэ жылагъуэм дежкIэ нобэ япэ кьалэну кьызэрыр ешIи и зыужьныныгъэм телэжьынырщ. Властым и щыуагъэхэр гражданскэ жылагъуэм гулыитэншэу кьеГанэ. Ар кьэралым зезымыгъэужь Iуэхугуэщ.

Республикэм и нобэрей гражданскэ жылагъуэр зыхуэдэр зэпкърыхауэ, бжьыгъэхэмкI щIэгъэбыдыхьауэ кьыгъэлъэгъащ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкI, жылагъуэ зэгуфхьынгъэхэм ядэлэжьныгъэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкl министр Пащты Борис. Абы зэрыжиIамкIэ, 2009 гъэм фокIадэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ жылагъуэ зэгуфхьынгъэу е апхуэдэ организацIуэ Къэбэрдей-Балькъэрым щятщащ 776-рэ. Абы щыщу 6-р Урысейпсо, политикэ партхэм я кьудамэщ, 87-р спорт жылагъуэ зэгуфхьынигъащ, 109-р профсоюз зэгуфхьынигъащ, 171-р дин Iуэхущапlэщ (абыхэм я район, кьуажэ кьудамэхэри хэту), 148-р хьэрычэтыщIэу щымыт организацIэ зэмылIэужьыкIыгъащ, 265-м жылагъуэ зэгуфхьынигъэ щыщ. Пащты Борис кьызэрилъытэмкIэ, а псому щыщу иужьрей бжьыгъэращ нэхъыщхьэр, сыту жыпIэмэ, адрейхэр Iуэхугуэ щхьэхуэхэм ехьэлIауэ (политикэм, диным, профсоюзым, н.кь.) кьызэгъэзэщащ, я Iуэму зэрах уэж. Гъэ кьэ щIэрщIэу кьызэIуахыну, ауэ жылагъуэ кьалэн хьэпкь ямыгъэзащIу зэгуфхьынигъэ «жейхэр» зыхэтIр а иужьрейращ зэгуфхьынигъэ 265 бжьыгъэращ. Ахэр «къэгъэуцIыныр» е абы я пIэкIэ тэмэму лэжьын зэгуфхьынигъэхэр кьызэгъэпэщыныр кьалэн нэхъыщхьэщ.

Пащты Борис кьыгъэ лъэгъуэ бжьыгъэхэр иригъэщащ Урысейм и адрей щIыналъэхэм щыIэм икIи абыхэм елытатуэу ди республикэм жылагъуэ зэгуфхьынигъэхэр зэрыщымащIэу берджылы кьищащ. А зэгуфхьынигъэ псори зэлэжь Iуэхугуэхэм ящыщу нэхъыщхьэхэри кьыхигъэщхьэхукIащ.

- Жылагъуэ зэгуфхьынигъэхэр зэлэжь Iуэхугуэм ящыщу я мыхьэнэкIэ кьыхэбгъэщхьэхукI хьунущ ныбжьыщIэхэмрэ сабийхэмрэ зезыгъэужьыгъэр. Ахэр зэкъуфсэу гьэсэныр, щытыкIэ гугъу кьыхэутахэм ядэлэныкъоныр, цIыхухэм дуней тетыкIэкIи лэжьэкIэкIи жыдэкрагъ яхэльынир, уэынщэу псэуным кьыхуеджэныр, зи узынщагъэ кьимыгIасэхэм ядэлэныкъоныр, псапэ щIэныр, лъэпкъ хабзэхэр хьумэныр псом ящыкъэш, - жиIащ Пащты Борис.

ЗэлъыщIэм кьыщыпсэльаухэм министрым кьыIэта Iуэхугуэр даIыгъащ. Зэхуэсахэм чэнджэщ ираташ, жылагъуэ зэгуфхьынигъэхэм мылькукIэ ядэлэныкъоныр папщIэ, кьэралым и власть Iуэхущапlэхэм псапащIэ хэкIыпIэхэр, социальнэ заказэхэр кьызэрагъэпэщыну, цIыхухэм дежкIэ мыкьэнэшхуэ з зиIэ Iуэхухэм жылагъуэ я зэгуфхьынигъэхэр хагъэзэжыкьыну, республикэм кьыщащIэ законхэм я проектхэр гъэхьэзэрыныр, федерал законхэр егъэфIэкIуэным Жылагъуэ палатэр хэлэжьыкьыну Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кьызэригъэпэщыну.

ГЪУЩIО Зариф.

● Спорт

ТекIуахэр ягъэлъапIэ

«Iуащхьэмахуэ и гъэмахуэ уэсхэр-2010» бгы-лыжэ спортымкIэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр «Озон - бгыщхьибл» хьэщIэщым щагъэлъапIащ.

ФИГУ КЪЭДГЪЭКIЫЖЫНЩИ , мэкъуаугъэм и 15 - 20-кэм зэпеуэм Урысейм и щIыналъэ 27-м я лIыкIуэхэр хэтащ. Зэхьэзэхуэхэр спорт лIэужьыгъуэ зыбжанэкIэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм медалхэмрэ зэрыгъагъэгушхуэ саугъэтхэмрэ кьэзымыхьа яхэтхьакъым. ТекIуахэм кубокхэр ираташ.

Iуащхьэмахуэ куей администрацIэм и пресс-секретарь Тарми Алисэ щыгъуэзэ дызэрищIамкIэ, командэ зэпеуэм Терскол и «Мингитау» гупыр щытекIуащ. «Москва»-р етIуанэ, «Влядикавказ»-р ещанэ хьуащ.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Романов Евгений зэрыжиIамкIэ, псори тэмэму екIуэкIащ. КъыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэм хэтыну жэрдэм зыщIынуэм кьахэхъуэну зэрыгугъэри кьыхигъэщащ.

КъБР-м бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацIэм и президент Бекаев Хьиса кьызэгъэпэщакIуэхэмрэ мылькукIэ закъыщIэзыгъэкъуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ. «Мыл-индустрие» компаниеми, «Iуащхьэмахуэ и кIапсэ гъуэгуфхэр» акционер зэгухьанысгъэм, МЧС-м и Iуащхьэмахуэ къэзыIыхьуэхькъезыгъэл гупым, район адміністрацIэм физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым, Эльбрус поселкэм и сабий-нысбжьыщIэ спорт шоlimым, «Озон бгыщхьибл» ООО-м фIыщIэ тхыльхэр ираташ.

«Параллельный слалом» лIэужьыгъуэ зыщытекIуахэр «ЧЕГЕТиЯ» бгы-лыжэ клубым кьызэригъэпэщащ. Командэ зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда гупым Лукьяев Владимир и фэеплъ зэIэпах кубокыр ираташ.

УАРДЭ Жантинэ.

Акъ-Кьая бгыщхьэм

Шэрдж куейм щыщ щIалэгъуалэ гуп Акъ-Кьая бгыщхьэм дэкIащ. Уэыпащэм хуэгъэза а Iуэхугъэр Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэм. Наркотикэм ебныщымкIэ дунейпсо махуэм ирырагъэхьэлIащ.

КИЛОМЕТРИ 10 гъэзэгуанэр зэпачри, ахэр Акъ-Кьая и щыгум кьыщыхутащ. Ящэ дыдэу бгыщхьэм нэсащ Рахаев Марат, Чеченов Тимур, Курбанов Сапар, Гулимжинов Мухьэрбэч сымэ икIи метр 3400-рэ щIыпIэм деж Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я ныпхэр щагъэуащ. Хабзэ зэрыхьуауэ, тхыгъэ щыкIу зэрыль капсулэ абдеж кьыщанащ.

А Iуэхугуэр кьызэригъэпэщащ Шэрдж куей адміністрацIэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкl, спортымрэ туризмэмкI и комитетым.

ДЫГУЛЫБГЪУ Женя.

1/8-нэ Iыхьэм Инджылызыр зыгъэкIуа топыр.

Сербием и футболист Красичрэ Австралием и гъуащхьэхъуэмэ Шварцеррэ я зэпэщIэтыныгъэ.

Футболымкlэ дунейпсо зэпеуэу ЮАР-м щекIуэкIым и «С», «D» гупхэм я ешанэ зэIущIэхэр вэрмахуэ зэхэтащ. Абы щызэхьэкIащ чемпионатым и кIуэх зэпеуэхэм адлкIэ хэтыну командэхэр.

США-р, Инджылызыр, Германиер, Ганэр зэпеуэм и 1/8-нэ Iыхьэм макIуэ

«С» ГУПЫМкиубгъэ нужьрей зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ Словениемрэ Инджылызымрэ я командэ кьыхэхахэм. ЗэIущIитIым нужькIэ очкоипIэ иIэу гупым щыпашэу щыта Словениер адэкIэ зэхьэзэхуэм хэтыжьнукъым. ЗэIущIэм и 23-нэ дакъикъэм Инджылызым и футболист Дейр абыхэм я гъуэм дигъэкIа топым ахэр, зэпеуэм кьыхигъэкIащ. Гупым и етIуанэ зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ Алжирымрэ я командэхэм. Мыбын псори зэхэзыIыкIэр зы топ закъуэрщ. ОчкоитI фIэкIа имыIэу зэIущIэм ирихьэлIа США-р гупым кьыхэкIыфынутэкъым, 91-нэ дакъикъэм Донован дигъэкIа топыр мыхьуэтэмэ. Арацци, я гъэзэжащ Словениемрэ Алжирымрэ, кIэух зэIущIэхэм щыдджэгунущ США-мрэ Инджылызымрэ.

«D» гупым етIуанэ текIуэныгъэр кьыщихьри, пашэ хьущ Германием и командэ кьыхэхар, «С» гупым щеIуэкIа зэIущIэхэм хуэдэу, Инджылызым и футболист Дейр абыхэм я гъуэм дигъэкIа топым ахэр, зэпеуэм кьыхигъэкIащ. Гупым и етIуанэ зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ Алжирымрэ я командэхэм. Мыбын псори зэхэзыIыкIэр зы топ закъуэрщ. ОчкоитI фIэкIа имыIэу зэIущIэм ирихьэлIа США-р гупым кьыхэкIыфынутэкъым, 91-нэ дакъикъэм Донован дигъэкIа топыр мыхьуэтэмэ. Арацци, я гъэзэжащ Словениемрэ Алжирымрэ, кIэух зэIущIэхэм щыдджэгунущ США-мрэ Инджылызымрэ.

«D» гупым етIуанэ текIуэныгъэр кьыщихьри, пашэ хьущ Германием и командэ кьыхэхар, «С» гупым щеIуэкIа зэIущIэхэм хуэдэу, Сербиемрэ. Зы очко закъуэ щытар зы топщ. Джэгум и 60-нэ дакъикъэм нэмыщIэхэм ящыщ зыхьэхьэмэныкъуэ Езид Ганэм и гъуэм топ дигъэкIащ. ТекIуэныгъэ кьыхуэхьэхь бжьыгъэр зэIущIэр иухьуэ Германием ихьуащ.

Джэгугъуэ махуэм и епIанэ, кIэух, зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ Австралиемрэ